# Жер ҳаққындағы нызам талаплары бузылыўының алдын алыў бойынша мәжилис болып өтти

**Image not found or type unknown**

Бүгин Министрлер Кеңесинде “Жер ҳаққындағы нызамның бузылыўы жағдайларын алдын ала анықлаў ҳәм олардың алдын алыўға қаратылған жумысларды муўапықластырыў бойынша” республика Кеңесиниң исши топары тәрепинен Қарақалпақстан Республикасында өткерилген мониторинг нәтийжелери жуўмағына бағышланған мәжилис болып өтти.

Image not found or type unknown

Мәжилисте Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының биринши орынбасары Б.Б.Валиев, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариев ҳәм жуўапкер мәкеме шөлкемлер қатнасты.

Image not found or type unknown

Онда тийкарынан коррупция жағдайларының алдын алыў, жер ҳаққындағы нызамның мазмун-мәнисин пуқараларға кеңнен түсиндириў жумысларын алып барыў, жерге болған мүлклик қатнасықларда турақлылықты тәмийинлеў бағдарындағы жумысларды буннан былайда жетилистириў бойынша тапсырмалар берилди.

Image not found or type unknown